

BAB V

KASIMPULAN JEUNG SARAN

5.1 Kasimpulan

Dumasar kana hasil panalungtikan ngeunaan ajén simbolis dina Upacara Nadran di Désa Blanakan Kecamatan Blanakan Kabupatén Subang pikeun salah sahiji alternatif bahan ajar di SMP kelas VII, bisa dicindekeun saperti ieu di handap.

- 1) Upacara Nadran atawa Ruat Laut anu aya di Désa Blanakan mangrupa bagian tina upacara adat anu aya patalina antara réligi jeung alam. Istilah Nadran sering ogé disebut “Ruatan Laut” atawa “Pesta Laut”, Nadran mangrupa istilah anu geus turun-tumurun dipikawanoh jeung dilaksanakeun ku masarakat patani jeung pamayang di Désa Blankan Kabupatén Subang. Nadran henteu leupas ti unsur-unsur ritual anu ngandung ma’na réligius salaku paménta kasalmetan, kasuburan sakaligus salaku hiji ungkapan rasa sukur ka Pangeran.
- 2) Dina upacara Nadran aya sababaraha tahap anu dilaksanakeun, nya éta rarancang upacara (pra upacara), prakna upacara, jeung pasca upacara. Dina rarancang upacara (pra upacraa) aya sababaraha kagiatan anu dilaksanakeun nya éta nyieun dongdang, nyieun jeung nyiapkeun sasajén sarta sedekah, jeung ngahias parahu pamayang. Tuluy dina tahap prakna upacara aya sababaraha kagiatan inti anu dilaksanakeun nya éta dimimitian ku

disahkeunana sasajén anu geus disadiakeun, tuluy nempatkeun sasajén dina dongdang, di parahu para pamayang jeung di sababaraha témpat di aréa lumangsungna Upacara Nadran, doa bersama, ngabagikeun sedekah, pintonan Wayang Purwa jeung ngaruat ku Wayang Purwa, upacara pelepasan dongdang, jeung anu pamungkas dina prakna upacara nya éta pelepasan dongdang di tengah laut. Dina pasca upacara aya sababaraha kagiatan anu dilaksanakeun nya éta ayana santunan ka para jompo jeung budak pahatu sarta aya khitanan massal.

- 3) Dina Upacara Nadran, aya aturan-aturan anu ditepikeun ngaliwatan simbol-simbol anu miboga fungsi sarta kudu ditedunan tur dilaksanakeun sacara teleb. Éta simbol-simbol téh nyampak dina hal-hal anu aya patula-patalina jeung upacara, di antarana pakakas upacara, kajadian dina upacara, waktu upacara, tempat upacara, sarta jalama anu kalibet dina upacara.
- 4) Dina Upacara Nadran di Désa Blanakan Kabupatén Subang aya sababaraha ma'na anu nyampak dina unggal simbol. Dina pakakas upacara aya 22 simbol anu miboga ma'na nya éta 1) Dongdang, dongdang nya éta paparahuan anu dijieun pikeun wadah sasajén, ma'nana pikeun nepikeun éta sasajén ka panguasa laut, miboga fungsi kapercayaan; 2) Pirigan arak-arakan, pirigan arak-arakan nya éta pakakas pikeun ngareuah-reuah; 3) Parupuyan, parupuyan mangrupa kumpulan tina sababaraha rupa bahan anu kudu disadiakeun, anu eusina nya éta ruhak atawa areng, seuneu, menyan jeung lebu, mangrupa simbol pikeun ngadatangkeun karuhun dina acara Upacara Nadran; 4) Sasajén, sasajén anu miboga ma'na jumlahna aya 18 rupa di antarana a) Hulu

Munding; b) Cau tujuh rupa (cau raja, cau ambon, cau klutuk, cau muli, cau pulo, cau emas, cau kapok); c) Kembang tujuh rupa (kembang tujuh rupa naon waé rupana); d) Bungbuahan tujuh rupa (jeruk, samangka, ganas, apel, salak, jambu, tomat); e) Tumpeng poléng, tumpeng bodas, tumpeng konéng; f) Kuéh baseuh 7 rupa (koci, nagasari, bugis, dodok, gemblong, wajik, jeung cuhur); g) Kuéh kering 7 rupa (naon waé rupana); h) Wuduk liwet gésék (sangu bodas, lauk asin pépéték, kalapa, uyah, cabé beureum, tarasi, jeung bawang beureum di wadahan ka nu pependil); i) Dawegan (kalapa héjo), rujakan sabelas rupa (rujak cau anu tujuh rupa, asem, arang-arang nya éta ranginang dibéré cai, cai hérang, téh amis, téh pait, kopi pait, kopi amis, bubur beureum, bubur bodas, kelang-keling, buah surawung); j) Udud surutu, udud bodas, udud kawung; k) Ampo, saté atah jeung saté asak ti nu daging domba, gecok hayam, rujak uni, surabi dua warna; l) Bubur beureum jeung bubur bodas; m) Seupaheun; n) Cai hérang; o) Menyan jeung areng; p) Péso jeung bedog; q) Wedak, lipen, kaca eunteung jeung sisir; r) Béas. Masing-masing éta sasajén mibog fungsi kapercayaan anu béda-béda; 5) Wayang Kulit, Wayang dina ieu upacara fungsina nya éta pikeun ngaruat. Dina paripolah upacara aya opat simbol anu miboga ma'na nyé éta 1) Nyipratkeun cai kembang ka sakabéh parahu nu rék milu ka tengah laut, ngandung ma'na kapercayaan, nyilokakeun sangkan para nelayan/pamayang nu ngala lauk ka tengah laut aya dina kasalamétan; 2) Masarakat atawa para nelayan nu milu ka tengah laut tuluy ting gejebur ngarebutkeun sasajén nalika pelepasan dongdang, ngandung ma'na kapercayaan, nyilokakeun yén saha jalma anu meunang salah sahiji tina

sasajén bakal meunang kabarokahan; 3) Masarakat jeung pamayang anu ngarebutkeun cai ruatan wayang nalika bérés pintonan Wayang Purwa, ngadung ma'na kapercayaan, nyilokakeun yén saha waé jalma anu meunangkeun éta cai ruatan wayang bakal meunang kabarokahan; 4) Masarakat anu marebutkeun cai laut anu campur jeung getih nalika pelepasan dongdang, ngandung ma'na kapercayaan, nyilokakeun yén jalma anu meunangkeun éta cai anu campur jeung getih munding bakal aya dina kabarokahan, hirupna bagja, jeung aya dina kasalametan. Dina omongan anu aya dina upacara di antarana maca jampé ma'nana nya éta kapercayaan, nyilokakeun gumulungna antara ajaran Islam jeung agama saheulaeunana. Simbol waktu dina Upacara Nadran miboga ma'na pikeun kamekaran pariwisata. Tempat lumangsungna Upacara Nadran atawa Ruat Laut aya di kawasan pelélangan lauk di Désa Blanakan Kecamatan Blanakan Kabupatén Subang, ngandung ma'na sosial lantaran ieu tempat mangrupa pusat sagala hasil kagiatan para pamayang. Jalma nu mingpin atawa kalibet dina upacara, Nadran di Désa Blanakan diatur ku panitia anu mangrupa gabungan ti Unsur Muspika, Organisasi Pamuda jeung Profési, Kelompok Pamayang/nelayan, *Kelompok Wanita Nelayan* gawé bareng jeung Lembaga Kemasarakatan, atikan, kasenian, tokoh agama sarta Unsur KUD Mandiri Inti Mina Fajar Sidik.

5) Ieu hasil panalungtikan anu mangrupa bahasan Upacara Nadran, bisa dijadikeun bahan pangajaran di SMP kelas VII. Hasil henteuna éta bahan

gumantung kana kaparigelan guru dina ngajarkeun jeung gumantung kana kamampuh siswana dina narima pangajaran anu ditepikeun ku guru.

1.2 Saran

Sanggeus réngsé nalungtik kagiatan Upacara Nadran karasa pisan mangpaatna pikeun nu nyusun. Dipiharep hasil panalungtikan ieu bisa ngeuyeuban kajebaran tradisi anu aya di Tatar Sunda hususna upacara ritual jeung bisa nambahan pangaweruh dina wangun bahan pangajaran anu ditepikeun di SMP kelas VII hususna jeung umumna dina mata kuliah kajian budaya Sunda.

Sangkan leuwih mangpaat ieu hasil panalungtikan Upacara Nadran, sarta karasa ku balaréa, nu nyusun nyarankeun ka pihak lembaga, pihak sakola, pihak guru, pihak siswa, jeung masarakat sangkan ngamumulé kabudayaanana.

1. Pihak lembaga pendidikan

Ieu panalungtikan téh bisa dijadikeun hiji bahan ajar. Sabab di jerona aya ajén-ajén pendidikan hususna ajén budaya jeung simbol-simbol anu kudu diteleban.

2. Pihak guru

Salaku guru kudu bisa ngadongéngkeun ka siswa, ngarah siswa mikawanoh leuwih jauh kana éta budaya.

3. Pihak siswa

Siswa kudu wanoh tur weruh jeung miara pakakas kabudayaan nu aya di masarakat nu aya patula-patalina jeung kabudayaan.

4. Pihak masarakat

Ieu Upacara Nadran bisa dijadikeun picontoeun pikeun ngaraketkeun masarakat, sabab ieu upacara adat miboga hal-hal anu positif saperti ayana gawé bareng antara masarakat.